ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№18 (23.176) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 3, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**ТекIушэ Артур Александр и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьэщыхыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и Iыхьэ 1-м и пункт 1-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. ТекIушэ Артур Александр и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыбгъэдэкIыу республикэ хэхыпIэ округ зэгуэтым щыхахам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр нэхъ пасэу, 2016 гъэм щIышылэм и 16-м щегъэжьауэ, щхьэщыхауэ къэлъытэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацща махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм щIышылэм и 28-м*
*№412-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ, 22-нэ статьяхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къудали Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым къыхэгъэкIын икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Макитов ТIалип Азнор и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Киреевэ Надеждэ Валерий и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым хэгъэхьэн.

4. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацща махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм щIышылэм и 28-м*
*№413-П-П*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщыр хэхыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIхэм ящыщу хэхын Макитов ТIалип Азнор и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацща махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм щIышылэм и 28-м*
*№414-П-П*

## Псы хущхъуэхэр нэхъыфIу къэгъэсэбэпынымкIэ хэкIыпIэхэм топсэлъыхь

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Байсултанов Одес, Къэрал мылъкур зехьэнымкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Дергуновэ Ольгэ сымэ зэщIыгъуу къызэрагъэпэща зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Кавминкурортресурсхэр» акционер зэгухьэныгъэм и лэжьэкIэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхухэм.

ЗэIущIэм къыщыхалъхьащ «Кавминкурортресурхэр» акционер зэгухьэныгъэр «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьынымкIэ корпорацэ» акционер зэгухьэныгъэм хэгъэхьэжыным егупсысыну, Кавказым и Псы хущхъуэхэм я щIыналъэм хиубыдэу щыIэ федеральнэ мылъкум и реестр ягъэхьэзырыну.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэ Байсултанов Одес зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ лэжьыгъэхэр сэбэп хъунущ Кавказ Ищхъэрэм щыIэ псы хущхъуэхэр нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпынымкIэ, абыхэм я инфраструктурэм зегъэужьынымкIэ.

***УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# «Къегъэлакlуэ ныбжьыщlэ» кадет класс къызэlуах

**«Курыт еджапIэ №17» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм МЧС-мкIэ и классым щIэсхэр хэтащ «ДыгъафIэ къалэ» сабий творчествэмкIэ академием «Къегъэлакlуэ ныбжьыщIэ» класс къызэрыщызэIуахым теухуа гуфIэгъуэм. Классыр къызэIуихащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIа, Урысейм и МЧС-м и Iэтащхьэ Пучков Владимир.**

МЫ КЛАССЫМ ныбжьыщIэхэр щыхурагъэджэнущ къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къыщыхъуам деж цIыхухэр къызэрырагъэл техникэр къызэрагъэсэбэпым, къегъэлакIуэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым. Классыр зыхуеину иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщащ.

Кадет классым и щытыкIэм, абы и лэжьыгъэр зэрекIуэкIынум щыгъуазэ зищIа нэужь министрым къегъэлакIуэ ныбжьыщIэхэр щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэм Москва кIуэну иригъэблэгъащ. Абыхэм ирагъэлъагъунущ Урысейм и МЧС-м и академиехэр, апхуэдэу гузэвэгъуэхэр къыщыхъуам деж лэжьыгъэхэр щаунэтI лъэпкъ центрыр.






### ЩIыналъэм и унафэщIыр зэрехъуэкI

**УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ Iэ зыщIидза унафэм ипкъ иткIэ Тулэ областым и губернаторым и къалэнхэр игъэзэщIэнущ Дюмин Алексей.**

А къулыкъум илъэсиплIрэ ныкъуэкIэ пэрыта Груздев Владимир къэралым и Президентым лъэIукIэ зыхуигъэзащ абы текIыну хуейуэ.

«А зэманым къриубыдэу щIыналъэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр къыщыхъуащ, адэкIи зэрызиужьыфынум и нэщэнэхэри нэрылъагъущ, - жиIащ Путиным Груздевымрэ Деминымрэ щаIущIам. - Ауэ иджыри гугъуехь мымащIэхэр щыIэщ. Абыхэм гулъытэ хэха яхуищIыну дыщогугъ губернаторым и къалэнхэр зыгъэзэщIэну зи пщэ дэтлъхьа Деминым».

Генерал-лейтенант Демин Алексей нэхъапэIуэкIэ дзэ къулыкъущIэу щытащ, УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу лэжьащ.

### КуэдыIуэ зэрыхъум егъэгузавэ

**Китайм и унафэщIхэр егъэгузавэ абы и къалащхьэ Пекин дэсхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми къызэрыхэхъуэм.**

Иджыпсту абы щопсэу цIыху мелуан 21,7-м щIигъу. Илъэсым и кIэ пщIондэ а бжыгъэр мелуан 22-м щIигъунущ. 2020 гъэм ирихьэлIэу пекиндэсхэм я бжыгъэр мелуан 23-м къыщызэтрагъэувыIэным яужь итщ унафэщIхэр икIи абы теухуа хабзэщIэхэр зэхалъхьэ.

Правительствэм цIыхухэр къалащхьэм иригъэIэпхъукIыурэ къуажэхэм дигъэтIысхьэну и мурадщ. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ къалэдэсхэр зыхуей-зыхуэфIхэр нэсу зэрамыгъуэтыр. Псалъэм папщIэ, цIыхухэр псыкIэ къызэзыгъэпэщ компаниехэм иджыпсту щыщIэдзауэ я къалэнхэр ерагъыу яхуэгъэзащIэу аращ. Гугъуехьышхуэ хэтщ цIыхухэм транспорт Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэ IэнатIэри.

### НОБЭ

**◆Японием щагъэлъапIэ Гъатхэм и махуэр**

**◆1826 гъэм** Грибоедов Александр яубыдауэ щытащ, зыкъэзыIэта декабристхэм япыщIауэ щытауэ шэч хуащIри.

**◆1930 гъэм** Вьетнамым и Коммунист партыр къызэрагъэпэщащ.

**◆1966 гъэм** «Мазэ-9» совет станцыр дунейм щыяпэу Мазэм щетIысэхащ. Ар ягъэлъэтат 1966 гъэм щIышылэм и 31-м. Аращ Мазэм и щхьэфэм япэу сурэт тезыхыу ЩIым къезыгъэхьауэ щытари.

**◆1972 гъэм** Саппорэ (Японие) къыщызэIуахащ XI щIымахуэ Олимп Джэгухэр. Зэпеуэхэр екIуэкIащ мазаем и 3 - 13-хэм.

**◆1924 гъэм** «Къэбэрдей плъыжь» газетым и цIэр «Къэрэхьэлъкъ» жиIэу зэрахъуэкIащ.

**◆1925 гъэм** СССР-м радиом псэлъэн щыщIидзащ.

**◆2006 гъэм** тенджыз Плъыжьым щыщIилъэфащ Мысырым и «Ас-Салам-98» брамыр. Абы иса цIыху 1372-м щыщу къелар 376-рэ къудейрт.

◆УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къуныжь Хьэждал** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

◆Сценарийхэр зытхыу щыта, драматург, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Володарский Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

◆Совет дзэ къулыкъущIэ, СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и иужьрей министру щыта, авиацэм и маршал **Шапошников Евгений** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Джэдгын зи жагъуэм и пащIэ щIыIу къытокIэ.**

**● ХъыбарегъащIэ**

## Гу зылъытапхъэ Iуэху

2016 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ гъатхэпэ пщIондэ социальнэ Iуэхухэм хуэунэтIа «Содействие» VI урысейпсо фестивалыр екIуэкIынущ. Ар къызэрегъэпэщ Урысей Федерацэм и Президентым деж Граждан жылагъуэмрэ цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ щыIэ Советым, УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ УФ-м и Жылагъуэ палатэмрэ къыдэIэпыкъуу.

2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэхэм къыщыгъэлъэгъуа къалэнхэр гъэзэщIэным теухуащ фестивалыр. Нэхъ пыухыкIауэ жыпIэмэ, мыхьэнэ зиIэ социальнэ Iуэхухэр зэфIэгъэкIынымкIэ коммерцэу щымыт IуэхущIапIэхэм зегъэужьыным, абыхэм я проект нэхъыфIхэр къыхэхыным.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и органхэр щIыгъуу, щIышылэм и 28-м къыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 31 пщIондэ екIуэкIыну щIыналъэ зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщ. Абы щытекIуэхэм федеральнэ утыку ихьэну Iэмал яIэнущ.

«Содействие» фестивалым пашэ щыхъухэм саугъэт лъапIэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ Москва къыщратыжынущ.

Зэпеуэм узэрыхэтынумкIэ тхыгъэр гъатхэпэм и 15 пщIондэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм (Налшык, Ленином и уэрам, 57) епхьэлIэн хуейщ. УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ 77-67-62, 77-68-23, 77-27-46 телефонхэм. Апхуэдэуи Iуэхур зэрекIуэкIынум теухуа хъыбар къивгъуэтэнущ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и сайтым - www.ОПКБР.РФ

**● ЗэIущIэхэр**

# Къалэнхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ

**«Синдика» хьэщIэщым махуитIкIэ - щIышылэм и 28 - 29-хэм - щекIуэкIащ Къалэухуэхэм я Лъэпкъ Гильдием и сессие. Абы хэтащ Мэзкуу, Санкт-Петербург, Тэн Iус Ростов, Омск, Красноярск, Калининград, Шарыповэ, Томск къалэхэм щыщ архитектор цIэрыIуэхэр, Iуэхур зэхьэлIа IэнатIэхэм я унафэщIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ. Зэхыхьэм щызэпкърахащ къалэухуэ политикэр пхыгъэкIыным хуэунэтIауэ къэув къалэнхэр, ар зэтезыIыгъэ гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщIэнымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ.**



«КЪАЛЭУХУЭХЭМ я Лъэпкъ Гильдие» мыкоммерцэ зэдарэгъу зэгухьэныгъэм и президент Скатерщиков Сергей къалэ ухуэкIэ проектхэр зыгъэхьэзырхэм я ебгъуанэ семинарыр къызэIуиха нэужь, КъБР-м и япэ вице-премьер Дадэ МуIэед къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ.

- ПщIэ зыхуащI ныбжьэгъу лъапIэхэ! Республикэм и унафэщIхэм къабгъэдэкIыу сэлам гуапэ фызох икIи хьэщIэр зи щIасэ ди щIыналъэм фыкъызэреблэгъам папщIэ фIыщIэ фхузощI. ФыщIызэхыхьа Iуэхум икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар ди къэкIуэнум къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. ЗэрытщIэщи, щIыналъэхэр фейдэ пылъу зехьэныр, щIыпIэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къалэухуэ Iуэхур иджыри нэгъэсауэ зэтеубла хъуакъым. Арами, абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ пыухыкIахэр щокIуэкI, республикэм и щIыналъэ убзыхукIэм и схемэмрэ къалэхэм я генеральнэ планхэмрэ ягъэхьэзыр. А Iуэхур и чэзум и кIэм нэгъэсынымкIэ мы зэIущIэр сэбэпышхуэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Сыту жыпIэмэ, ди IэщIагъэлIхэм ар дерс хъарзынэ яхуэхъунущ. Гупсысэ узыншэ зэIэпыфхыну, псалъэмакъ щхьэпэ евгъэкIуэкIыну фызэхыхьащи, къыхэфлъхьа Iуэхум фехъулIэну ди гуапэщ, - къыхигъэщащ Дадэ МуIэед.


*Сурэтхэр Елъкъан Артур трихащ.*

Къалэухуэхэм я Лъэпкъ Гильдиер 2007 гъэм къызэрагъэпэщащ. Абы хэтщ Урысейм и щIыналъипщIым я щIэныгъэ, я проект, я консалтинг организацэ пашэхэр. Скатерщиков Сергей зэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ я Зэгухьэныгъэм и мурад нэхъыщхьэхэр. Апхуэдэщ УФ-м и щIыналъэхэм, муниципальнэ районхэм, къалэ округхэмрэ къуажэхэмрэ хабзэ хэхам тету зегъэужьыныр, къалэухуэ лэжьыгъэр фIагъ лъагэ хэлъу егъэкIуэкIыныр, IэнатIэм IэщIагъэлI Iэзэхэр хуэгъэхьэзырыныр, къалэухуэ политикэ нэгъэса убзыхуныр, Урысей Федерацэм къалэухуэ лэжьыгъэр зэрыщызэкIэлъахь хабзэхэр, пщалъэхэр, методикэ тхылъхэр гъэхьэзырыныр, иджырей технологиехэм хуэкIуэныр, нэгъуэщIхэри.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*


# «Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ


*Сурэтыр Къарей Элинэ трихащ.*

**ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!**

**Фигу къыдогъэкIыж 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Iэ тедзэныр зэриухар. Ауэ мазаем и 21 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ. МазиплIым ди газетым и уасэр сом 559-рэ кIэпIейкIэ 92-рэщ.**

**Ди индексыр 51531**

# Къалэнхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Япэ махуэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэ убзыхукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ къэув къалэнхэм. Налшык къалэ округым архитектурэмрэ къалэ ухуэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Нэгъуей Арсен Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэмрэ ди щIыпIэ телъыджэхэр зыхуэдэмрэ хьэщIэхэр хигъэгъуэза нэужь, «ТАММАК» творческэ мастерскойм и унафэщI, Урысейм щIыхь зиIэ и архитектор Макаров Владимир псалъэ къыIихащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, Къалэухуэ кодексым зэрыщыубзыхуам тету, а лэжьыгъэр ди республикэм щагъэзащIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэубзыху схемэр къащташ, район центрхэм я генеральнэ планхэри щыIэщ, Тэн Iус Ростов къалэ ухуэныгъэмкIэ и проект институтым Налшык и генпланыр игъэхьэзырынущ. А лэжьыгъэм щIадзащ.

- Дызэрыщыгъуазэщи, къалэухуэ Iуэхур къэралым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэм къыпагъэкIуэтурэ къекIуэкIащ. Абы щыгъуэми, экономикэм, демографием, экологием, цIыхухэр гъэIэпхъуэным, псэупIэ тыншхэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, спортым, лэжьапIэ IэнатIэхэм ятещIыхьа щIыналъэ убзыхукIэрэ план нэхъыщхьэхэмрэ димыIэу щIыпIэхэм, зэрыщыту жылагъуэм зэманым декIуу зыпхуегъэужьынукъым. Иужьрей лъэхъэнэм Налшык и хьэблэхэм щрагъэкIуэкIа ухуэныгъэхэр планыжьым тету яубзыхуащ. Нобэрей зэманым ар къезэгъыжыркъым. Щхьэзыфlэфlу ухуэныгъэ куэд зэрырагъэкIуэкIым архитектурэ теплъэр Iисраф ящI. Псалъэм папщIэ, лы комбинатыр здэщыIа щIыпIэр цIыху тIощIым щIигъум зыIэщIаубыдауэ зэрыхуейуэ къагъэсэбэп, къалэухуэ законодательствэм къигъэувхэр кърадзэркъым. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ, - жиIащ къэпсэлъам. - Пэжщ, иужьрей зэманым щытыкIэм зехъуэж, Iуэхур хабзэ хэхам кърагъэтIэсэну хущIокъури, щIэгъэкъуэн дыхъуну дыхьэзырщ. Абы папщIэ лэжьыпхъэхэр мащIэкъым. Япэрауэ, къалэухуэ IэнатIэм и законодательнэ лъабжьэр егъэфIэкIуэн, щIыпIэхэм я архитектурэ IуэхущIапIэхэм, архитекторхэм я мыхьэнэр къэIэтын, IэщIагъэлIхэр егъэджэн, гъэхьэзырын хуейщ. ЩIыналъэхэм къалэухуэ Iэзэхэр яIэкъым. ЩIэныгъэм щыхагъахъуэ курсхэр къызэIухыжыныр, къалэухуэ политикэм пыщIа Iуэхухэр, щIыналъэ ухуэкIэм и проектхэр щызэпкърахыну семинархэмрэ зэIущIэхэмрэ къыдэхыжыныр фIэкIыпIэ зимыIэ ди къалэнхэм ящыщщ. Зи гугъу сщIа щыщIэныгъэхэм къадэкIуэу, ди зэфIэкIхэмкIи дывдэгуэшэну дыхьэзырщ. Ахэри ди мащIэкъым, - къыхигъэщащ Макаров Владимир.

Абы жиIахэм пащэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ Тэн Iус Ростов къалэм и архитектор нэхъыщхьэ Бояринов Александр, Къалэухуэхэм я Лъэпкъ Гильдием и президент, «Энко» щIэныгъэ-проект институтым и унафэщI Скатерщиков Сергей (Санкт-Петербург къ.), «Град» щIыналъэубзыху институтым и Iэтащхьэ Береговских Аннэ (Омск къ.), «Къалэ планхэм я лабораторэ» ООО-м и проектхэм я архитектор нэхъыщхьэ Воронковэ Риммэ (Санкт-Петербург къ.), нэгъуэщIхэри.

Шэджагъуэ нэужьым «Урысейм и нобэрей къалэ ухуэкIэр. Лъэпощхьэпохэр. Зыужьыныгъэм и хэкIыпIэхэр. ЩIыпIэхэм я щIыналъэ убзыхукIэ нэхъыфIхэр» зыфIаща зэIущIэ щхьэхуэм я зэфIэкIхэмкIэ щызэхъуэжащ. Абы хэтащ властым и федеральнэ, и щIыналъэ къудамэхэм я гъэзэщIакIуэ, хабзэгъэув IэнатIэхэм, проект организацэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, бизнес-зэгухьэныгъэм я лIыкIуэхэр.

«Синдика» хьэщIэщым и пэIущIэ пэш Iэхуитлъэхуитым Къэбэрдей-Балъкъэрым и архитекторхэм я проектхэм я сурэтхэмрэ я макетхэмрэ щагъэлъэгъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм къалэухуэхэм я ебланэ къэрал зэхуаку еджапIэр къызэIуахащ, абы и унафэщI Перелыгин Юрий и докладым едэIуащ, тепсэлъыхьащ, я Iуэху еплъыкIэхэр зэхуаIуэтащ.

ХьэщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зрагъэцIыхуащ, Налшыкрэ республикэмрэ я щIыпIэ дахэхэр зрагъэлъэгъуащ, абыхэм ятхьэкъуарэ я хъыбархэр зэIэпахыу ежьэжащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик**.

# ГъащIэр матэщIэдзакъым

● ДифI догъэлъапIэ

## Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Тау Хьэзешэ илъэс 80 ирокъу



**<u>Тау Хьэзешэ Талий и къуэр жылагъуэм къыщацIыху щIэныгъэлI щыпкъэу, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу, щIалэгъуалэм я ущиякIуэ, унэтIакIуэ Iэзэу. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик, КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым и адыгэбзэ кафедрэм и IэщIагъэлI Таум и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 80 ирикъуащ.</u>**

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым хыхьэ Къамылыкъуэ адыгэ къуажэм 1936 гъэм щIышылэм и 26-м къыщалъхуащ Хьэзешэ. Абы и адэ-анэ Талийрэ Куржанрэ адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ унагъуэт яухуар. Хьэзешэ сымэ зэкъуэшиплI хъурти, щIэныгъэ, IэщIагъэ зэгъэгъуэтыным хуаущийуэ къагъэтэджащ адэ-анэм. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ 1954 гъэм къиуха нэужь, щIэныгъэм зи нэ къыхуикI щIалэщIэр тегушхуэри щIэтIысхьащ ди хэкум и еджапIэ нэхъ лъэрызехьэхэм а лъэхъэнэм хабжэу щыта Тбилиси къэрал университетым и филологие факультетым. Абы игу къызэригъэкIыжымкIэ, филолог IэщIагъэр къыхихынымкIэ чэнджэщэгъуфI къыхуэхъуат школым щезыгъэджахэри и Iыхьлы еджагъэшхуэ Щэрдан Iэбуи.

Щхьэх зымыщIэ Хьэзешэ студент гъащIэр жыджэру ирихьэкIащ, университетым щекIуэкI жылагъуэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхухэм я нэхъыбапIэм хэту. Абы и насып къикIат дуней псом щыцIэрыIуэ щIэныгъэлIхэу, академикхэу Рогавэ Георгий, Чикобавэ Арнольд, Ломтатидзе Кетеван сымэ щрагъаджэ университетым и студентыну. 1958 гъэм Таум еджэныр зэфIигъэкIащ икIи диплом плъыжь къыхуагъэфэщащ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ. Абы и егъэджакIуэхэм гу лъамытэу къэнакъым адыгэ щIалэщIэм зэфIэкI ин зэрыкъуэлъым икIи чэнджэщ иратащ а университет дыдэм и аспирантурэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну. Апхуэдэуи ищIащ Таум. Ар щIэтIысхьащ аспирантурэм икIи кавказыбзэхэр кууэ зыджа IэщIагъэлIым адыгэбзэм и зэхэлъыкIэм епха къэхутэныгъэ хьэлэмэт куэд зэфIихащ. Ахэр и лъабжьэт абы игъэхьэзыра и япэ щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэм. Ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи филологие щIэныгъэхэм я кандидат хъуащ.

Щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжа нэужь, Таур Шордакъ къуажэм дэт курыт школым и унафэщIу лэжьащ 1966 гъэ пщIондэ. ИужькIэ ар ирагъэблэгъауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым икIи илъэс 11-кIэ абы щылэжьащ щIэныгъэлI нэхъыщхьэу. А лъэхъэнэм пыщIащ Хьэзешэ адыгэбзэ псалъалъэхэм ехьэлIауэ иригъэкIуэкIа и къэхутэныгъэщIэхэри.

- ЗаулкIэ Iэпэдэгъэлэл сщIауэ щыта щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм зэуэ сатхьэкъужат абы щыгъуэ. Багъ Николай зи унафэщI ди къудамэр елэжьырт къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и псалъэгъэнахуэ, псалъэгъэнахуэ-фразеологие псалъалъэхэр гъэхьэзырыным. А Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ иIэт, сыту жыпIэмэ адыгэбзэр зыIурылъ, абы ирилажьэ псоми езы псалъэхэм нэмыщI, абыхэм къарыкI мыхьэнэри гурыIуэгъуэу, убзыхуауэ, щапхъэкIэ щIэгъэбыдэжауэ я пащхьэ илъхьэныр къалэнышхуэт. КъинэмыщIауэ, псалъалъэхэм ди лъэпкъыбзэр яхъумэнут, адэкIэ зрагъэужьынут, - а зэманыр игу къегъэкIыж Хьэзешэ. - Ди секторым и дэтхэнэ IэщIагъэлIми лъэкI къигъэнакъым Iуэхур япэкIэ кIуэтэн папщIэ. Лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIахауэ щытащ щIэныгъэлIхэу Апажэ Мухьэмэд, Багъ Николай, Урыс Хьэталий, IутIыж Борис, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэу Таур пэрыхьэжащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм. Къыхэдгъэщынщи, а лъэпкъ щIэныгъэлI гупыр а лъэхъэнэм зэлэжьа псалъалъэр, псалъэ мин 31-м щIигъу зэрыхуар, иужькIэ къыщыдэкIащ Москва. Аращ адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ нэхъ ину ноби кудым къэдгъэсэбэпыр.

ЛIэщIыгъуэ кIуам и 70 гъэхэм и пэщIэдзэм щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщIу ягъэуват Лъостэн Владимир. ЩIэныгъэлI ахъырзэманым, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм институтым щекIуэкI лэжьыгъэ псори къигъэщIэрэщIэжат. Илъэс зыбжанэ дэкIри, Лъостэныр КъБКъУ-м и ректору ягъэуващ. 1977 гъэм Лъостэным Таур университетым лэжьакIуэ иригъэблэгъащ. Абы лъандэрэ илъэс 40-м нэсащи, Хьэзешэ и щIэныгъи, и зэфIэкIи, и къаруи ирехьэлIэ щIалэгъуалэм щIэныгъэ куу, гъэсэныгъэ нэс егъэгъуэтыным.

Университетым Таум къулыкъу зыбжанэ щрихьэкIащ. Ар щытащ тхыдэ-филологие факультетым и унафэщIым и къуэдзэу, абы и декану, КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым и директору, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ кафедрэм и унафэщIу. Хьэзешэщ хамэ къэралхэм къикIи студентхэм кууэ ядэлэжьэныр зэтезыублауэ щытар. Лэжьыгъэм зэфIэкIышхуэ къызэрыщигъэлъагъуэр, жэуаплыныгъэр зыхищIэу и IэнатIэм зэрыпэрытыр къалъытэри, 1996 гъэм Таур ягъэуващ КъБКъУ-м хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и проректору. Хьэзешэ зэрыжиIэмкIэ, лъапсэрых илъэси 100 зауэм и Iэужьхэр нобэ зышэч ди лъэпкъэгъу куэдым я бынхэр, абыхэм я быныжхэр ди университетым зэрыщеджэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Зи адэжь Хэкум пэIэщIэ хъуа, зи анэдэлъхубзэр зыIурымылъыж щIалэгъуалэм я Iуэхур дэкIынымкIэ, я псэукIэм, еджэкIэм пыщIа IуэхухэмкIэ сэбэп хъунымкIэ лъэкI къагъэнакъым Хьэзеши абы и нэIэм щIэт IэщIагъэлIхэми.

- Хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэр убзыхунымкIэ, адэкIи гъэбыдэнымкIэ сэбэпышхуэ къытхуэхъуащ хэкупсэ нэс ХьэфIыцIэ Мухьэмэди ар зи пашэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэри. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу къэралхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм пыщIэныгъэ быдэ абыхэм зэрыхуаIэр щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу хамэ къэралхэм ядэлэжьэнымкIэ, - жеIэ Хьэзешэ. - 1989 гъэ лъандэрэ апхуэдэ студентхэм деканат щхьэхуи яIэу щытщ. Иджыпсту ди университетым щоджэ Пакистаным, Кореем, Мароккэм, Мысырым, Ливаным, Югославием, Тыркум, Иорданием, Сирием, нэгъуэщI щIыпIэхэми къикIа студентхэр. Ахэр зыхуеджэ IэщIагъэхэр здагъэзэжыну къэралхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэрщ. Апхуэдэхэщ дохутыр, инженер, ухуакIуэ, егъэджакIуэ IэщIагъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Лэжьыгъэ купщIафIэхэм къадэкIуэу Таум игъэхьэзыращ и доктор диссертацэри. «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и диалектологием хэлъ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр» лэжьыгъэр Хьэзешэ 1998 гъэм Москва ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ икIи филологие щIэныгъэхэм я доктор хъуащ. КъинэмыщIауэ, нэгъуэщI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, методикэ лэжьыгъэ куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ Таум. Абыхэм ящыщщ «Адыгэбзэм и зэгъэпщэныгъэ грамматикэр», «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и диалектологиер», нэгъуэщIхэри. Хьэзешэ и дэтхэнэ тхыгъэри бзэ щIэныгъэм и хэлъхьэныгъэшхуэу къэплъытэ хъунущ. Ар хэтщ КъБКъУ-м, КъБИГИ-м я доктор, кандидат диссертацэхэмкIэ, терминологиемкIэ советхэм. КъБР-м щыпсэу цIыхухэм я бзэхэм теухуа хабзэхэр зэхэзылъхьа гупым и лэжьыгъэми жыджэру хэтащ.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм нэмыщI, Таур дапщэщи жыджэру хэтщ республикэм, къэралым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэми. Ар куэдрэ хэтащ адыгэбзэр хъумэнымкIэ, абы зегъэужьынымкIэ дунейпсо конференцхэм, симпозиумхэм, абыхэм я утыкухэм доклад купщIафIэхэр щищIу. ЩIэныгъэлIыр, нэкупсэ нэсыр иропIейтей ди анэдэлъхубзэм и къэкIуэнум.

- Бзэр лъэпкъыр лъэпкъыу къозыгъэлъытэ Iэмэпсымэщ, хъугъуэфIыгъуэ инщ, - и гупсысэхэм пещэ Хьэзешэ. - Анэдэлъхубзэр тэмэму зыIурымылъыж, лъэпкъ щэнхабзэр, хьэл-щэнхэр, нэщэнэхэр зымыхъумэф лъэпкъым и къэкIуэнум дэрэжэгъуэ къозыт хэлъкъым. Бзэм и къэкIуэнум дапщэщи елэжьын, а Iуэхум щIэныгъэлI щIалэхэр ешэлIэн хуейщ.

А унэтIыныгъэмкIэ езы щIэныгъэлIми лъэкI къигъанэркъым. Абы и нэIэм щIэту кандидат, доктор лэжьыгъэхэр зыгъэзэщIахэр куэд мэхъу. Абыхэм ящыщщ щIэныгъэлIхэу УнэлIокъуэ Вячеслав, ХъутIэжь Заудин, Хьэщхъуэжь Заретэ, нэгъуэщIхэри. Абы и нэIэм щIэту ноби йоджэ икIи мэлажьэ адыгэ бзэщIэныгъэм зи гъащIэр езыпха щIалэгъуалэ куэд. Къыдэлажьэхэми иригъаджэ студентхэми зэрыжаIэмкIэ, Таум и лекцэхэр купщIэшхуэ зыхэлъщ, куэдым гукъинэ ящыхъущ. Студентхэм ящыщ дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуегъуэтыф егъэджакIуэ Iэзэм. Езым и щытыкIэр иригъэкIуэкI и лэжьыгъэхэми йокIуж: ар сытым дежи зэпIэзэрытщ, Iэдэбщ.

Адыгэхэм зэрыжытIэщи, гъащIэр матэщIэдзакъым. Ар екIуу епхьэкIыныр, цIыху нэсу дунейм утетыныр тыншкъым. Дэтхэнэми ди гъащIэм и екIуэкIыкIэр дэ диIэ зэфIэкIхэм куэдкIэ елъытащ. Тау Хьэзешэ дэтлъагъу ехъулIэныгъэ инхэр, и щIэныгъэкIэ, зэфIэкIкIэ здынэса лъагапIэхэр езым и къарукIэ къилэжьыжащ. Аращ абы пщIэшхуэ щIыхуащIри.

Лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным илъэс куэд хъуауэ хуэлажьэ нэхъыжьыфIым, жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къулыкъухэр ныкъуэсаныгъэншэу езыхьэкIа IэщIагъэлIым дохъуэхъу и юбилеймкIэ. Узыншэу, и унагъуэ дахэр къыкъуэту, и бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм я насып куэд илъагъуу псэуну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.



**И ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм яхэту**. *2003 гъэ.*

# Псапэ щIэным къыхуигъэщIа цIыху

● Щапхъэ

**<u>Едыдж Нихьаи Тыркум и Анталие вилайетым хиубыдэ Елэмэ (Къэсейхьэблэ) адыгэ къуажэм къыщалъхуащ 1945 гъэм. Школ нэужьым Анкара дэт университетым щIэтIысхьэри, нэмыцэбзэмкIэ и къудамэр къиухащ. Илъэс 25-кIэ и IэщIагъэм ирилэжьащ ар, Анталие колледжым щIэсхэр нэмыцэбзэм щыхуригъаджэу.</u>**

АДЫГЭМ псалъэжьу диIэщ: «Бланэ щалъху йокIуэлIэж». Нихьаи Кавказым къыщамылъхуами, и къуэпсхэр къыщежьа и адэжь хэкум къигъэзэжыныр и гум имылъу зэи псэуакъым. Абы и щыхьэтщ Едыджым и ныбжьыр илъэс 22-м иту 1967 гъэм Анталием япэ дыдэу «Адыгэ Хасэ» къызэрыщызэригъэпэщар. Абы къыжраIэрт: «Сакъ, узыхыхьа Iуэхум кърикIуэнум егупсыс, уи щхьэр хъумэ».

- Си псэр лъэпкъ Iуэхум папщIэ схуэтынущ, жысIэри яужь сихьат Адыгэ Хасэ къызэгъэпэщыным. ИкIи абы зы сыхьэти сыхущIегъуэжакъым. Нобэр къыздэсми, адыгэу дуней псом тетыр зэзгъэуIужынт, си къарур пэлъэщатэмэ, - жеIэ Нихьаи.

Гугъуехь псори IэщIыб ищIурэ, Адыгэ Хасэ къызэгъэпэщыныр зригъэхъулIащ, адыгэхэм ехьэлIа сыт хуэдэ Iуэхури къызыхуэтыншэу зыхуей зэрыхуигъэзэным еш имыIэу телэжьащ.

Нихьаи щхьэгъусэрэ бынитIрэ иIэщ. И хъыджэбз Тамерис 1989 гъэм Налшык къигъэкIуэжри, КъБКъУ-м инджылызыбзэм щыхуригъэджащ. Нихьаи и унагъуэм ящыщу япэу хэкум къэзыгъэзэжар аращ. Тамерис Цейхэ я щIалэ псэуэгъу хуэхъуащ, бын дыгъищ зэдагъуэтауэ унагъуэ дахэу Налшык щопсэу. ИужькIэ 1992 гъэм и щхьэгъусэ Шукриерэ и щIалэ Едыджрэ хэкум къигъэкIуэжри, езыри 1995 гъэм и адэжь щIыналъэм къигъэзэжыпащ. Абы лъандэрэ унагъуэ щапхъэр Налшык щопсэу. «Тамерис» шхапIэр абыхэм къызэIуахащ, я мылъку хьэлэлым псапэ хамыщIыкIыуи зэи къанэркъым. Илъэс 17 хъуауэ еш имыIэу а шхапIэр егъэлажьэри, сызэрыщыгъуазэмкIэ, IэнатIэкIэ куэдым щIэгъэкъуэн яхуэхъуащ.

- Тыркум сыщыщыпсэуа илъэсхэм «Адыгэ Хасэ» Iуэхур си пщэм дэслъхьэжауэ, колледжым щезгъаджэу, къинэмыщIауэ, тенджыз Iуфэм ресторан къыщызэIусхарэ ар згъэлажьэу щытащ. «Кавказым згъэзэжмэ, къысхуэна си гъащIэр си адэжь хэкум тыншу зызгъэпсэхуу щесхьэкIынщ», - жысIами, схузэфIэкIакъым, адыгэ щIалэгъуалэ куэд лэжьапIэншэу уэрамым дэту щыслъагъум. Узыхуей псоми уи Iэр нэсыну щытамэ, зы адыги лэжьапIэншэу щызгъэсынтэкъым, - жеIэ Нихьаи. Адыгэхэм папщIэ и къару емыблэжу мэпсэу ар. НобэкIэ лэжьыгъэ IэнатIэкIэ цIыху 36-рэ къызэригъэпэщащ абы. Гупыр зэхуэарэзыуэ зэдолажьэ.

Нихьаи псапащIэу зэрыщытым куэд щыгъуазэщ. Ар школхэм, интернатхэм, сымаджэщхэм щIэхщIэхыурэ щIэгъэкъуэн яхуохъу. Абы зэрыжиIэмкIэ, псапэ щIэныращ зытелэжьэн хуейр. «Мылъку зиIэракъым къулейр, атIэ гущIэгъу зыхэлъыращ. Мылъкур псым хуэдэщ: нобэ уиIэмэ, пщэдей умыгъуэтыжынкIэ хъунущ. Шэч хэмылъу бгъуэтыжынур уи IэдакъэщIэкIыращ», - жеIэ Едыджым.

Мэздэгу къалэм, Курп Ищхъэрэ, Къармэхьэблэ я школхэм компьютер классхэр яхузэригъэпэщащ абы. ХьэтIохъуэщыкъуей интернатым тIууэ зэтет гъуэлъыпIэхэр яхуригъэщIащ, ахэр тепIэн-щIэлъынкIэ къызэригъэпэщащ. Зы илъэси къанэркъым абы къилэжьам псапэ химыгъэкIыу. Илъэс блэкIам къыхэхъуа и мылъкуми псапэ хищIыкIащ Нихьаи. Абы Дубким щыIэ сабий сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм нэхъапэIуэкIэ зыхуигъазэри зригъэщIащ яхуримыкъу аппаратурэхэр зыхуэдэр икIи къахуищэхуащ фитотерапие лампIхэр, жьы зыхуримыкъухэр зэрагъэбауэ Iэмэпсымэхэр, гъуэжь узым, лъынтхуэм, лъым зэреIэзэ Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэри.

Сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ ГъусэлI Людмилэ езыми, и лэжьэгъу псоми къабгъэдэкIыу фIыщIэ ин къыхуищIащ Нихьаи.

- Тхьэм солъэIу сэбэп яхуэхъуну, дэтхэнэ зы сабийми узыншагъэ быдэ яIэну, - жиIащ Нихьаи.

ГущIэгъушхуэ зыхэлъ адыгэлI щыпкъэм и IэдакъэщIэкIым и сэбэп езыми къекIыну, бын нэщIэбжьэ имылъагъуу и унагъуэ дахэм гу щихуэну ди гуапэщ.

**ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ**.



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Шапсыгъым къратхыкI

# IэнатIэщIэ пэроувэ

**<u>ИлъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр зэрызэфIэкIыу, Сочэ къалэм и щIыпIэ администрацэм зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыхъуащ. Къалэм и Iэтащхьэ Пахомов Анатолий япэу иригъэкIуэкIа зэIущIэм къызэхуэсахэм щаригъэцIыхуащ унафэщIым и япэ къуэдзэ къулыкъур зыхуагъэфэща КIэрмыт Мухьдин. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэри абдеж занщIэу къыщагъэнэIуащ.</u>**



КIэрмыт Мухьдин

АХЭР: къалэ Iэтащхьэм и къуэдзэхэм (апхуэдэу 10 мэхъу) я лэжьыгъэр иунэтIыныр щ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным кIэлъыплъыныр щ, къалэм и транспортым, связым, ухуэныгъэм, архитектурэм, нэгъуэщI IэнатIэхэми и нэIэ ятригъэтыныр щ.

- КIэрмыт Мухьдин фIыуэ хещIыкI ухуэныгъэ лэжьыгъэми псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм ехьэлIа Iуэхухэми. Дыщогугъ ди къалэм ар сэбэп хуэхъуну, - жиIащ Пахомовым.

Мухьдин къыщалъхуар Тохъутэмыкъуей районым хыхьэ Енэм жылэрщ. Кубань мэкъумэшхозяйственнэ институтыр инженер-ухуакIуэу къиуха нэужь, Мухьдин ухуакIуэу лэжьэн щIидзащ. 1984 - 1989 гъэхэм ар комсомол лэжьакIуэу щытащ, иужькIэ партым и райкомым и къудамэм и унафэщI ящIащ. 1991 - 1993 гъэхэм «Октябрьский» комбинатыр зыухуэм и къуэдзэу щытащ, 1993 - 1994 гъэхэм ерыскъыхэкIхэр къыщIигъэкIыну зэфIагъэувэ «Краснодаргорстрой» IуэхущIапIэм и унафэщIщ. 1994 гъэм и щэкIуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 2013 гъэ пщIондэ «Нэху» фирмэм и унафэщIщ, а пIалъэм къриубыдэуи щэнейрэ Тохъутэмыкъуей районым и цIыхубэ депутатхэм я советым хахащ. 2011 гъэ пщIондэ КIэрмытыр Адыгэ Республикэм и Парламентым и депутату щэ хахащ. 2013 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщIэдзауэ Краснодар крайм и щIыпIэ администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэщ.

КIэрмыт Мухьдин къэрал дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхуагъэфэщащ: АР-м и Къэрал Советым и ЩIыхь тхылъыр, «Хабзэ. Къалэн. ПщIэ» бгъэхэIу дамыгъэр, республикэм и дамыгъэ нэхъыщхьэр - «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр, Краснодар крайм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и ЩIыхь тхылъыр, «Кубаным зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам папщIэ» медалым и III нагъыщэр.

И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, Мухьдин илъэс куэдкIэ жылагъуэ лэжьыгъэми хэтащ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, щIалэгъуалэ проектхэр гъэзэщIа хъунымкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъуу. Республикэми адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэми ар къацIыхуащ 2000 гъэхэм я пэщIэдзэм къызэригъэпэща, нобэр къыздэсым Енэм жылэм щылажьэ «Нэху» сабий къэфакIуэ гупым и зэфIэкIымкIэ.

Мухьдин зыпэрыува къулыкъур къызэрыхуагъэфэщар зыми игъэщIэгъуакъым, и зэфIэкIым псори щыгъуазэти. Куэдым ящIэж 2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа щIымахуэ Олимп Джэгухэм абы хуищIа хэлъхьэныгъэр. А зэманым КIэрмытыр Краснодар щIыналъэм и администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и департаментым и унафэщIым и къуэдзэти, олимп ухуэныгъэхэмрэ щIыпIэр зэрагъэдахэмрэ езыр кIэлъыплъащ, Олимп паркым къыщызэIуахауэ щыта «Адыгэхэм я унэр» и нэIэм щIэтащ. Шэч хэлъкъым Сочэ къалэ щегъэкIуэкIын хуей лэжьыгъэхэм къулыкъущIэр фIыуэ зэрыщыгъуазэм, хузэфIэкIи зэрищIэнум.

**НЫБЭ Анзор**.

**Кином и илъэс**

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин:

# Дэри зы лэжьыгъэ гуэркIэ дыхэувэфамэ фIыт

*2016 гъэр Кином и илъэсу Урысейм зэрыщагъэувар къэтлъытэри, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ УФ-м и ТхакIуэхэм, Кинематографистхэм, Журналистхэм я союзхэм хэт, усакIуэ, тхакIуэ, журналист, сценарист Жылэтеж Сэлэдин.*

**- Сэлэдин, КъБКъУ-м тхыдэмрэ филологиемкIэ и къудамэр къэбуха нэужь, куэд щIауэ узыщIэхъуэпс сценарист IэщIагъэм Москва ВГИК-м ущыхуеджэныр дауэ къохъулIат?**

- Куэд щIауэ си хъуэпсапIэт сценарист IэщIагъэр зээгъэгъуэтыну, кинолэжьакIуэ сыхъуну. Кинофильмхэм сахуэнэхъуеиншэт, ауэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ уимыIэу, кином ухуемыджауэ абы ухэлэжьыхьыфынутэкъым. Дэ дыщыкIуа гъэм егъэлеяуэ зэпеуэшхуэ щыIэт, зы цIыхум и пIэм цIыхуищэ итт. Къытхуагъэува лэжьыгъэхэр дгъэзэщIа нэужь, хамэ къэралым щыщ цIыхуи 5-м, Совет Союзым щыщу 10-м еджапIэм дызэрыщIэтIысхьэну тхылъхэр ттыну хуит дащIащ. Псори зэгъусэу къыхахар зэрыхъур цIыху 15 къудейт. Кинодраматург цIэрыIуэ Каплер Алексей игу срихьри сыкъищтащ. Апхуэдэу къызэхъулIащ си хъуэпсапIэр.

Кавказ Ищхъэрэм ейуэ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм щыIэ киностудием 1972 гъэм лэжьэн щыщIэздзащ. 1976 гъэ пщIондэ абы редактору сыщыIащ. ИужькIэ Налшык къэзгъэзэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм редактору сыщылэжьащ. 2004 - 2006 гъэхэм КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм сыщыIащ. Иджыпсту Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым щызогъаджэ.

**- ЗэрытщIэщи, къэралым и кинематографием хэлъхьэныгъэфIхэр хуэпщIащ. Уи Iэдакъэм къыщIэкIащ кинофильмхэр, нарт хъыбархэр зи лъабжьэ «Мывэм и къуэ», «Мывэм и къуэмрэ Иныжьымрэ» мультфильмхэм я сценарийхэр. Абыхэм нэхъ зыубгъуауэ я гугъу уэзгъэщIынут...**

- Владикавказ сыщыщылэжьам къэхъуа Iуэхугъуэхэр зи лъабжьэ си сценарийхэмкIэ абы щытесхащ «ЦIыху къызэрыгуэкIым и гъащIэр», «Адэм и сурэт», «Кировыр - Кавказ Ищхъэрэм» фильмхэр.

«ЦIыху къызэрыгуэкIым и гъащIэр» фильмыр теухуауэ щытащ Прохладнэ районым щызэхэт колхозым и председатель пашэ, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидат, Совет Нэхъыщхьэм и депутату хаха Iэбубэчыр Нажмудин. А фильмыр союзпсо экраным кIуащ.

Совет Союзыр щыщыIа зэманым нэхъыфIыIуэу траха фильмхэр, киножурналхэр щIыналъэм ис лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIыу щытащ. КъищынэмыщIауэ, ар нэмыцэбзэкIи зэрызэрадзэкIар, си сценарийр и лъабжьэу траха а фильмым Берлин зэрыщеплъар къызжаIащ а зэманым Германием дзэм къулыкъу щызыщIэу къэзыгъэзэжа ди щIалэхэм.

«Адэм и сурэт» фильмыр зытеухуар Башкир, Осетие Ищхъэрэ Республикэхэм я цIыхубэ сурэтыщI Тавасиев Сослъэнбэчщ. Башкир республикэм и лIыхъужь Юлаев Салават и сурэтышхуэм, Тавасиевым и Iэдакъэ къыщIэкIам, Ленин саугъэтыр къыхуагъэфэщауэ щытащ. Аращ фильмым лъабжьэ хуэхъуар.

Киров Сергей Кавказ Ищхъэрэм журналисту илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ. Абы пщIэшхуэ хуащIу, и цIэр яIэту щытащ. Аращ «Кавказ Ищхъэрэм Кировым щилэжьахэр» фильмыр зытеухуар. Осетие Ищхъэрэм и телевиденэмкIэ ари куэдрэ къагъэлъэгъуащ.

ИужькIэ Гъэсашэ Наталье теду-хуауэ щытащ «Кавказ Ищхъэрэ» киножурналым и зы къыдэкIыгъуэр. Кинохроникэм къиищынэмыщIауэ, мазэм киножурналиплI къыдэдгъэкIырт, тхьэмахуэ къэс зы хуэзэу. Апхуэдэу журнал 39-рэ къыдэзгъэкIащ.

Телевиденэри кином тIэкIу пэгъунэгъущ. Ди щIыналъэм сыкъыщыкIуэжа 1976 гъэм къыщыщIэдзауэ 2004 гъэ пщIондэ кином делэжьащ. Шэрджэс Мухьэмэд режиссёру, сэ сыавтору серищ хъууэ тетхащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» повестым къытетщIыкIа фильмыр. Ди студиер фильм щытепхыным хуэщIауэ, хуэгъэпсауэ щыттэкъым. Абы никъусаныгъэ Iэджи хэлът. Ахэр зэрызэбгъэзэхуэжын, зэрызэпхъуэкIыжын ущимыIэм и деж гугъущ.

Си сценарийхэр я лъабжьэу траха «Мывэм и къуэ», «Мывэм и къуэмрэ Иныжьымрэ» мультфильмхэр ди къэралым щыпсэу лъэпкъ куэдым я бзэхэмкIэ зэрадзэкIащ, инджылызыбзэкIи къыдагъэкIащ. А фильмхэм еплъахэми кинокритикхэми гулъытэ ин къыхуащIащ. Абы теухуа тхыгъэхэр къытехуауэ щытащ «Советский экран», «Фильмы - детям» журналхэм. Иджыри си хъуэпсапIэт а лэжьыгъэхэм пысщэну. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Нартхэм я дыщэ жыг» лэжьыгъэм и сценарийр стхауэ сиIэщ, ауэ Совет властыр къутэжщ, «Союзмультфильм» киностудием худиIа пыщIэныгъэр кIуэдыжри, Iуэхум пытщэфакъым. Армыхъумэ, фильм зыбжанэ хъууэ ахэр къыдэзгъэкIыну си мурадащ.

**- Фильмыр зытебухуэну лIыхъужьхэри къыхэпхыныр тыншкъым. Псалъэм папщIэ, «ЦIыху къызэрыгуэкIым и гъащIэ» фильмым и лIыхъужьыр дауэ къызэрыбгъуэтар?**

- ЯпэщIыкIэ си мурадащ «Красная нива» колхозым и унафэщIу, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктору, КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта Евтушенкэ Николай теухуа фильм тесхыну. Планыр щызэхэбгъэувэкIэ фильмыр зытеухуауэ щытынур къыбогъэлъагъуэри, Москва ибогъэхь. РСФСР-м, СССР-м я къэрал кино IуэхущIапIэхэр Москва щыIэу щытащ. Ташкент, Армавир, Грознэ щыIа киностудиехэм фильмхэм я планыр ебгъэхьа нэужь арэзы тохъуэ. Евтушенкэ теухуа фильмыр апхуэдэу къащтащ. Ауэ, тетхыну иужь дыщихьэ дыдэм, Евтушенкэ колхозым и унафэщI къулыкъум трагъэкIри, Совминым яшащ. И къулыкъур ихъуэжауэ тепх хъунутэкъым. Абы пэгъунэгъуу нэгъуэщI къэгъуэтын хуейт, депутату, щIэныгъэлIу, колхоз унафэщIу. Апхуэдэт Iэбубэчыр Нажмудин. АбыкIэ фильмыр зэрызэтхъуэкIыжынумкIэ хъыбар щедгъащIэм, арэзы техъуащ.

**- Сэлэдин, уи IэщIагъэм ехьэлIауэ узыхунэмыса е щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ къомыхъулIа лэжьыгъэ щыIэ?**

- Стха сценарийкIэ республикэм теухуа полнометражнэ художественнэ фильм трахыну сыхуейт. Ди республикэм киностудие щылэжьамэ, си хъуэпсапIэхэр къызэхъулIэнут. Къэбэрдей-Балъкъэрым киностудие къыщызэIуахыну къыхалъхьат, ауэ Мэлбахъуэ Тимборэ а Iуэхум арэзы техъуакъым, сыту жыпIэмэ, IэщIагъэлIхэр кърашэлIэн, абыхэм псэупIэрэ лэжьапщIэрэ иратын хуейти. Осетие Ищхъэрэм къыщызэIуахащ. Абы ди фильмхэри щытрахащ, ауэ езыхэм ейуэ трахам и Iыхьэ никъуи хъуркъым дыдейхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «По следам Карабаира», «Кольцо старого шейха», нэгъуэщIхэри. Ауэ, иджыри къытызогъэзэжри, а студиер ди деж щылэжьамэ, фильм 20 - 30-м нэблагъэ диIэнут. Ар щыуагъэу яIэщIэкIащ.

**- Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и къэрал институтым и студентхэр кином ехьэлIа дерсхэм зэрыщыхуебгъаджэм укъытхутепсэлъыхьамэ арат.**

- Институтым илъэс зыбжанэ хъуауэ «Сценарий тхыным», «Хамэ къэрал киномрэ литературэмрэ я тхыдэ», «Ди къэралым и киномрэ телевиденэмрэ я тхыдэ» дерсхэмкIэ щызогъаджэ режиссёрхэр, актёрхэр, къэфакIуэхэр. ЩIэныгъэм хуэпабгъэ студентхэр ди куэдщ. Ахэр а дерсхэм яфIэфIу йодаIуэ, дахьэх, пщэрылъ ящысщI лэжьыгъэхэр яфIэгъэщIэгъуэну ягъэхьэзыр, докладхэр ящIри, абыхэм додэIуэж. Апхуэдэу кином гъунэгъу зэрыхуэсщIыным, зэрыхэзгъэгъуэзэным иужь ситу садолажьэ. Ди еджапIэр къэзыух языныкъуэхэр аспирантурэм щIотIысхьэ, адрейхэм я щIэныгъэм нэгъуэщI щIыпIэхэм щыхагъахъуэ.

**- Фи студентхэм яхэту пIэрэ кинематографием хэлъхьэныгъэ хуэзыщIыну, ар IэщIагъэу къыхэзыхыну зи мурад щIалэгъуалэ?**

- ЩыIэщ ди институтыр къаухмэ нэгъуэщI еджапIэ кIуэуэ зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну зи мурадхэр, ди деж лъабжьэ щызыгъэхьэзырхэр.

**- Ди республикэм кинематографием зыщиужьыныр къэзылъахъэу къэплъытэр сыт?**

- Япэрауэ, киностудие уиIэн хуейщ. Кином дихьэх операторхэмкIэ, режиссёрхэмкIэ, сценаристхэмкIэ, актёрхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщауэ щыту, ар къэрал IуэхущIапIэу е мылъку зыбгъэдэлъ цIыхум ейуи ирехъу.

Япэ дыдэу дуней псом киностудие щызыухуауэ щытар лъэпкъкIэ франджы Мельес Жоржщ. Абджыпсу зэщIэлыдэу къызэригъэпэщат и IуэхущIапIэр. Кино трихыурэ ар а Iуэхум хилъэфащ, ахъшэ щIыхуэ къезытын имыгъуэтыж щыхъум, и киностудиери мылъкуу иIэри яритри иужьрей и лэжьыгъэр игъэхьэзыращ. Зыри лъэмыкIыжу, зыри имыIэжу тхьэмыщкIэ дыдэ хъуауэ псэуащ, IэфIыкIэ щищэ зы тыкуэн цIыкIу къызэригъэпэщри. Мельес лIа нэужь Франджым цIэрыIуэ щыхъуащ - къыщалъхуа махуэр Iэтауэ ягъэлъапIэрт, и цIэр уэрамхэм фIащащ, и щIыхькIэ медалхэри къыдагъэкIащ. Бэлъто лэжьа зыщыгъыу тыкуэным щIэтар а лIыжь тхьэмыщкIэр арауэ ящIакъым зыми. Ауэ пэжыр зэманым зэригъэзэхуэжащ, и цIэр тхыдэм къыхэнащ.

Мылъкушхуэ зыбгъэдэлъ щыIэщ иджыри. Мис апхуэдэ зыгуэр тегушхуэрэ ди щIыналъэм киностудие къыщызэригъэпэщатэмэ... Ахъшэ сиIамэ, сэр дыдэм къызэIусхынт...

**- Ар къохъулIамэ, сыт хуэдэ лэжьыгъэкIэ бгъэгуфIэнт республикэм исхэр?**

- Иужьрей зэманым стха пьесэхэм ящыщщ Бекович-Черкасскэм теухуауэ «Iуащхьэмахуэ» журналым къытрадзар. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм 2013 гъэм литературэмкIэ иригъэкIуэкIа зэпеуэм адыгэбзэкIэ ягъэхьа тхыгъэхэм я нэхъыфIу ар къалъытащ икIи япэ увыпIэр къысхуагъэфэщащ, щIыхь тхылърэ ахъшэ саугъэтри къызатащ. Иджы сыщIохъуэпс абы теухуа сценарий стхыну.

Тхыдэм хамыщIыкIыу, хащIыкI хуэдэу зыкъэзыгъэлъагъуэхэм Бекович-Черкасскэр нэгъуэщIхэм хагъэзэрыхь. Щэ-плIэ къытригъэзэжурэ тхыдэм къыхохуэж а цIэр. Ауэ ахэр зы цIыхукъым. Тхыдэм уриплъэжмэ, зи цIэ-унэцIэ зэтехуэу цIыху куэд хэтщ, зэман зэхуэмыдэхэм псэуауэ. Абы къыхэкIкIэ зым илэжьар адрейм щыкIэрапхэ къэхъункIи хъунущ. Сэ зи гугъу сщIыр Пётр Езанэм дзыхь яхуищIу, псори зи пщэ ирилъхьэу щытаращ. Ар гъэщIэгъуэн дыдэ хъунут икIи тхыдэм и пэжыр къэнэIуэнут.

Леишхуэ лъагъэсауэ щытащ Бекович-Черкасскэм. Зэгуэрым Хивэ къалэм (Узбекистан) кIуати, абы я хъаным къигъэпцIэгъащ: «Мы уэ уи гъусэ дзэмрэ уэрэ фэдгъэшхынрэ фыздэщыIэнрэ диIэнукъым. Iэмал имыIэу гупитхуу зывгуэш. Къалитхум фысшэнурэ тэмэму фызгъэхьэщIэнущ», - жиIэри. Ар Черкасскэм и фIэщ хъури, и гупхэр тхууэ игуэшри къаруушэ ищIащ дзэр. Апхуэдэу щыхъум, мыдрейхэр къатеуэри дзэр зэтраукIащ. ЦIыху 700-м щIигъу зыхэта абы и дзэм щыщу цIыхуиплI фIэкIа къелакъым.

Адыгэ лъэпкъым цIыху гъэщIэгъуэн куэд къыхэкIащ. Апхуэдэхэщ Шарлоттэ ХьэIишэт - Аиссе, Черинэ Людмилэ (Щэмырзэ Моникэ), нэгъуэщIхэри. Черинэр къэфакIуэт, тхакIуэт, скульпторт, актрисэт... Сыт хуэдэ Iуэхум зримыпщытами, зы цIыхум и гъащIэ псокIэ илэжьыфынум хуэдиз хэлъхьэныгъэ хуищIащ Черинэм.

Аиссе теухуа телевизионнэ фильм тетхыну иужь дихьат зэгуэрым. Шарлоттэ «госпожа Каландрини и деж кIуэуэ» жиIэурэ письмо зыбжанэ итхауэ щытащ. Псори зэхэту письмо 36-рэ хъурт. Ахэр письмо къэс зы серие хуэзэу згуэшри, сценарий згъэхьэзырауэ щытащ. Ар зэрытетхыну мылъкукIэ дыкъагъэгугъэурэ Iуэхур къэнэжащ. А зэманым иужь дихьамэ тщIыфынут ар, къыддэзыIыгъын диIамэ.

А бзылъхугъэ цIэрыIуэхэм ятеухуа фильм гъэщIэгъуэнхэр тепх хъунут. Ди лъэпкъым къыхэкIа цIыхушхуэ псори иджыри щIалэгъуалэм ирагъэцIыхужыфакъым. Художественнэ фильмхэр къытепщIыкI хъунут абыхэм я гъащIэм.

**- 2016 гъэр Кином и илъэсу Урысейм зэрыщагъэувам сыт хуэдэ гугъэхэр уигъэщIрэ, Сэлэдин?**

- Нэгъабэ Литературэм и илъэсу щытащ. Мы гъэр Кином и илъэсу ягъэуващ. Дыщогугъ кином нэхъ гулъытэ хэха хуащIыну. Кином и гъэу щыщыткIэ, зы лэжьыгъэ гуэркIэ ди щIыналъэри а Iуэхум дыхэувэфамэ, зы гъэщIэгъуэн гуэр дэри утыку итхьэфамэ фIыт.

**- Упсэу, Сэлэдин, ди упщIэхэм жэуап къызэрептам папщIэ.**

*Епсэлъар* **ТЕКIУЖЬ Заретэщ.**



Нарт хъыбархэр и лъабжьэу Сэлэдин итха «Мывэм и къуэ» мультфильмым щыщ теплъэгъуэхэр



● Фэеплъ зэпеуэ



# Шыбзыхъуэ Альберт ягу къагъэкIыж



**Юстицэм и капитан Шыбзыхъуэ Альберт и фэеплъу армрестлингымкIэ зэхьэзэхуэ екIуэкIащ.**

ИСЛЪЭМЕЙ дэт курыт еджапIэ №4-м, юстицэм и капитан Шыбзыхъуэ Альберт и цIэр зезыхьэм, щызэхэта фэеплъ зэпеуэм я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Бахъсэн районым и курыт еджапIэхэм я школакIуи 150-м щIигъум, ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт кадет школ-интернатым и гъэсэнхэм.

Абы къеблэгъа хьэщIэхэм ящыщщ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министрым и къуэдзэ, республикэ МВД-м следствэмкIэ и управленэм и унафэщI, юстицэм и полковник Кудашкин Виктор, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ Хэжь Заур, Шыбзыхъуэм и Iыхьлыхэмрэ къыдэлэжьахэмрэ.

Зэхьэзэхуэм и пэ къиихуэу ныбжьэгъухэмрэ Iыхьлыхэмрэ Альберт гуапэу ягу къагъэкIыжащ, къызэхуэсахэр еплъащ Бахъсэн районым и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм ятеухуауэ ягъэхьэзыра фильмым. Абыхэм я фэеплъым пщIэ хуащIу дакъикъэкIэ щымащ.

- Мы зэхьэзэхуэр я фэеплъщ зи къалэн зыгъэзащIэу мамырыгъэм папщIэ зи псэр зыта хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм, бзаджащIэхэм яIэщIэкIуэда цIыху хейхэм. Хабзэ хъуауэ зэпеуэр идогъэкIуэкI хэкIуэдахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжын, щIэблэр залымыгъэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ япэIэщIэу къыдэкIуэтеин папщIэ, - жиIащ Альберт и адэ, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтхэм къызэрагъэпэща «Уи унэм - мамырыгъэ» зэгухьэныгъэм и унафэщI, республикэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэт **Шыбзыхъуэ Суфадин**.

Шыбзыхъуэ Альберт и япэ гъэсакIуэ-ущиякIуэу щыта, Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ полицэм и унафэщIым и къуэдзэ, полицэм и подполковник Алэкъул Армед псалъэ гуапэ куэд хужиIащ пщIэ зыхуищIу щыта и лэжьэгъум.

- Шыбзыхъуэ Альберт Бахъсэн РОВД-м си нэIэ тету следователу лэжьэн щыщIидзат. Зэуэ гу лъыстат ар хьэлэлу лэжьыгъэр ирихьэкIыну, псэуну зэрыхуэпабгъэм,- къыхигъэщащ абы.

Зэхьэзэхуэр щIалэхэр, я хьэлъагъ елъытауэ, гупищу, хъыджэбз цIыкIухэр - гупитIу гуэшауэ екIуэкIащ. Командэ зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ, текIуам и Кубокри къалъысащ Ислъэмей къуажэм дэт курыт школ №4-м и еджакIуэхэм. ЕтIуанэ увыпIэр къахьащ Къэсейхьэблэ къуажэм и школакIуэхэм, Ислъэмей къуажэм и курыт еджапIэ №2-м и еджакIуэхэм ещанэ увыпIэр ялъысащ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

● Грэпплинг

# Япэ республикэпсо зэпеуэ



**ЩIышылэм и 31-м «Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ ныбжьыщIэхэмрэ балигъхэмрэ грэпплингымкIэ (бэнэкIэ псори щызэхэуэхуэна спорт лIэужьыгъуэ) я япэ республикэпсо зэхьэзэхуэ. Абы кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм икIа спортсмени 160-м нэблагъэ.**

ЩЫБЭНА хьэлъагъхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Куэшмэн Къантемыр, Бад Аскэр, Деунэж Ашэмэз, Шыкъ Аслъэн, АфIэунэ Аскэрхъан, Гъуэз Азэмэт, Ныр Мухьэмэд, КIэрэф Феликс, КIэмыргуей Темыркъан сымэ.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкIащ адыгэ щIалэщIэ, балигъхэм я гупым щызэуа ГъукIакъуэ Инал. Ар КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и япэ курсым щоджэ.

Спортсменхэр ягъэхьэзыр тренер Iэзэхэу Джырандокъуэ Амир, Шыхъуэстэн Руслан, АфэщIагъуэ Мартин, Дыгулыбгъу Анатолий сымэ.

Балигъхэм я зэхьэзэхуэм япэ - етIуанэ увыпIэхэр щызыубыдахэм Iэмал ягъуэтащ гъатхэпэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм грэпплингымкIэ щекIуэкIыну и чемпионатым хэтыну.

ЩIалэщIэхэм я зэпэщIэтыныгъэхэм щытекIуахэм гъатхэпэм Черкесск къалэм щызэхэтыну зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Лъэщщ дахагъэм и къарур

● Щэнхабзэ

**Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и Управленэм и унафэщI Токъуий Мадинэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы зэманым мыбыхэм я нэIэм щIэтщ классщIыб лэжьыгъэ щрагъэкIуэкI художественнэ еджапIэу 1, музыкальнэ школу 3, гъуазджэмкIэ - 1, библиотекэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр, эстетикэ гъэсэныгъэмкIэ центрыр, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэр.**

Дэтхэнэми и зэфIэкI псори ирехьэлIэ сабийхэр дахагъэмрэ фIымрэ дегъэхьэхыным, щIэблэ зэчиифIэ къытщIэхъуэным. Гъуазджэм кIэ школыр къапщтэмэ, ди республикэм къыщызэрагъэпэщ махуэшхуэ зэхыхьэхэм я утыку йохьэ, фIыкIэ и цIэ кърaIуэ. Къэзанокъуэм и цIэр зезыхьэ центрыр лъэпкъ IэщIагъэхэм я кIыщу жытIэкIэ дыщыуэнукъым. Урысейм и адрей щIыналъэхэм щрагъэкIуэкI къэралпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтыну мыхэр ирамыгъэблагъэу, увыпIэфIи къыщамыхьу зы илъэси дэкIыркъым. СурэтыщI гъуазджэмкIэ ди еджапIэхэми сабий куэд кърашалIэ икIи дыщогуфIыкI иджыпсту щыщIэдзауэ абыхэм ягъэлъагъуэ зэфIэкIым.

ЩэнхабзэмкIэ еджапIэ IэнатIэхэм 2015 гъэм ирагъэкIуэкIа Iуэхугъуэ нэхъ инхэм ящыщщ ди республикэм къыщызэрагъэпэща япэ сабий мюзиклыр.

ГъуазджэмкIэ школым и егъэджакIуэ, режиссёр Дохъушокъуэ Мадинэ и жэрдэмкIэ таурыхъ теплъэгъуэхэр илъэс псом щагъэлъэгъуащ ди республикэм и сценэ нэхъыфIхэм, цIыху куэди къекIуэлIащ.

2016 гъэми ди лэжьыгъэм хэдмыгъэщIыну ди мурадщ. Апхуэдэу дэ дыхьэзырщ щIэблэ узыншэрэ зэчиифIэрэ къытщIэхъуэным ехьэлIа дэтхэнэ зы жэрдэмми дыхэплъэну, ар зейм дыдэлэжьэну, - жеIэ унафэщIым. - Ди телефонхэр: **7-52-12**, **77-22-02**-щи, фыкъэпсалъэ.

**ХЬИД Иринэ.**

Ди лъэпкъэгъу цIэрыIуэхэр

# Урысыбзэ щхьэхуэмрэ адыгэбзэ щхьэхуитымрэ

## Урысей Федерацэм и цIыхубэ сурэтыщI Къат Теувэж

*Уи нэхэм, Бжьэдыгъухьэблэ,*
*СаIэщIэкIауэ сожэ,*
*Тхыдэм и сабэм сыхэту...*
*Уэсым хуэдэу къабзэ си гум*
*Мэзым и щэхур илъщ...*
*Жэщыр махуэм,*
*Махуэр жэщым пызощIэф,*
*Бзэуэ щыIэм сропсэлъэф.*
*Си бзэмкIэ уэрэд*
*ЖысIэну зэрыщIэздзэу,*
*Си бзэгум зрелъэфыхь.*
КЪАТ Фейсал

**Зи усэхэр тхыгъэм псалъапэ хуэтщIа Къат Фейсал (къэбэрдеибзэм къизыгъэзэгъар Къалмыкъ Аднанщ) Иорданием къикIыжу Мейкъуапэ дэтIысхьэжа усакIуэт. ЗэкъуэшитI - зыр усакIуэу, адрейр сурэтыщIу, зыр Урысейм щалъхуауэ, адрейр хьэрып щэнхабзэм щIэтэджыкIауэ хэкум щызэхуэзэжмэ, къызэдагъэхъуфынухэм я зы щыхьэтт нобэ ди хьэщIэ, Урысейм и цIыхубэ сурэтыщI Къат Теувэж Иорданием къыщызэIуиха, Къат Фейсал и усэхэм ятещIыхьа гъэлъэгъуэныгъэр. «Адыгэ псалъэм» и хьэщIэщым дакъикъэ зыбжанэкIэ иджыблагъэ щыдгъэгува Теувэж и гум хъыбар щIэщыгъуэ куэд ехъумэ цIыхуфIхэм ятеухуауэ. Абы и хъыбархэм къыхохуэ Пикассо Паблорэ Пиросмани Никорэ, Кобуладзе Сергейрэ Къуиикъуэ Налбийрэ.**

«ЗЭРЫЗЫСЩIЭЖРЭ сурэт сощI», - жеIэ 1945 гъэм Адыгейм хыхьэ Теувэжхьэблэ къуажэм къыщалъхуа ди бжьэдыгъу хьэщIэм. 1969 гъэм абы Кубан къэрал университетым и сурэтыщI факультетыр, 1974 гъэм - Куржым и щыхьэр Тбилиси дэт сурэтыщI академиер ехъулIэныгъэкIэ къиухыгъащ.

«Куржым сыщыщыIэм си хъуреягъкIэ слъагъу псоми дахагъэм сытрагъэгушхуэрт, - дыкъыщоджэ Къатым ита интервьюхэм я зым, - дунейми, цIыхухэми, езы лъэпкъым и щэнхабзэми. Дунейпсо лъапIагъ зиIэ а щэнхабзэр куржыхэм я закъуэкъым зейр, ар цIыхуу щыIэм я зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэщ. Абы щыхьэт тохъуэ ермэлыхэми, урысхэми, осетинхэми, дагъыстэнхэми, алыджхэми, адыгэхэми, нэгъуэщI лъэпкъ куэдми зэхуэдэу яхуэгуапэ куржыхэр хьэщIэхуэфIу зэрыщытыр. Лъэпкъри, дунейри, мэзхэри, бгыхэри, хьэуари щытелъыджэ щIыпIэм гущIыIэу укъигъэнэфынукъым. Абы дыщIыгъуж куржыхэм къыхэхыкIэ зэращIэри...»

- Зыгуэрым удэплъейрэ хьэмэ зыми уремыщхьу угъэщIэгъуэн, - доупщI сурэтыщIым, дгъэунэхун ди мураду.

- Сызыхуеджар куржы сурэт щIыкIэращ, си лэжьыгъэм тепсэлъыхь IэщIагъэлIхэм БжьэдыгъукъалэщысщIа сурэтхэм нэгъунэ «куржы хъэтI» халъагъукI. Пэжкъым ар. КъуэкIыпIэ дуней еплъыкIэр си сурэтхэм Куржым сымыкIуэ щIыкIи къыхыхьакIэт, кIуэ, абы сыкIуа нэужь, щхьэхуэу я сурэт тхыкIэм (живопись), итхъэкIэм (графикэ), хэIущIыкIыкIэм (чеканкэ) зыщезгъэсащ.

- Сытыт узытеIущIыхьыр?

- ГъущI зэмыфэгъухэм: гъуаплъэм, жэзым.

- Уи сурэтхэр импрессионист хьэлу «мэпсалъэ»: теплъэм купщIэр къызэпхоплъ.

- Мыбы зэреджэр «литографиещ», е сурэт гъэжа. Пленэр сыщыIащ Болгарием, Венгрием, мыхэр (къегъэлъагъуэ) абы щыщщ. «Пленэр»-р щIыбым, фэхэр хьэуа къабзэм зэрыщыплъагъум хуэдэу къыщагъэлъагъуэ сурэт тхыкIэщ. Мыдрейхэр асфальтым къыхэщIыкIащ. Сурэтыр зытращIыхь мывэ щхьэхуэм «щам асфальт» жыхуаIэм хуэдэ тракIэри, щIэтхыкI щIыIум гъущI папцIэкIэ сурэтыр тратхыхь, абы чызэ фIэIу тракIэжри сурэтыр мыхъурым хуэдэу кърагъэджэлыкI. «Мыхъур джафэщ» абы зэреджэр.

Кобуладзе Сергей илъэс зыбжанэкIэ дэлажьэу, и Iэзагъыр и пIэ иува нэужь, Теувэж мымащIэу къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэри, цIэ хэIэтыкIахэри, гъуазджэм пщIэ щызиIэ саугъэтхэри. ИщхьэкIэ зэрыщыжиIауэ, 1981 гъэм Къатыр хэтащ Болгарием щекIуэкIа дунейпсо сурэтыщI зэпеуэм. 1982 гъэм ар ирагъэблагъэ «Хайдушаги» цIэр зэрихьэу Венгрием щыIэ гъуазджэрылажьэхэм я колонием. Европэм нэхъ зызыгъэIэзэу ис сурэтыщIхэм я псэупIэ-зэхуэсыпIэу къалъытэ а къалэм илъэс зыбжанэ щрихьэкIа нэужь, Къат Теувэж и лэжьыгъэхэр уэру дунейм къытехьащ, езыри сурэтыщI цIэрыIуэ хъуащ. Абы и IэдакъэщIэкIа сурэтхэр щыплъагъуфынущ щэ бжыгъэкIэ ар зэрыхуа альбомхэм. Ауэ сурэт щIыныр сыт хуэдизу лъэпкъ псоми я зэхуэдэ гъуазджэ къудамэу щымытми, Къат и фэ зэхэлъхьэкIэри теплъэгъуэ къыхэхыкIэри сыт щыгъуи хуэунэтIащ лъэпкъым и гъащIэр къигъэлъэгъуэным. И гурылъхэр цIыхухэм я пащхьэ сурэткIэ ирилъхьэн IэзагъкIэ Къат Теувэж, шэч хэмылъу, IэщIагъэлI къызэрымыкIуэщ, езым и хъэтI, и гупсысэ, гъащIэм щIилъхьэ мыхьэнэ куу иIэжу. ЩыадыгэкIэ нэхъ тегушхуауэ дыщытхъунщи, Теувэж и сурэтхэр «зэманым декIуу» Iуплъэгъуейрэ емыкIууи, зытеухуар къыбгурыIуэным утезымыгъэгушхуэ «абстракцэуи», дахагъ купщIэншэуи, теплъаджэ купщIафIэуи щыткъым. Къатым и цIыхухэми и псэущхьэхэми, ахэр къызэропсалъэ щIагъыбзэми зыгуэр къыбгурыIуэну Iэмал нэхъ къуат сурэтыщI Iэзэу Iуа куэдым я IэдакъэщIэкIхэм нэхърэ. Къат-сурэтыщIым «игъэпсалъэр» къигъэлъагъуэ образхэм я закъуэкъым, абыхэм я пкъыгъуэхэри мыхьэнэ куум хуэшэрыуэщ. И псэр зыхэлъ нарт эпосым Сосрыкъуэр Сосрыкъуэу, Тхъуэжьейр Тхъуэжьейуэ къызэрыщыхэщым хуэдэ къабзэу, абы шымрэ лIымрэ, бзылъхугъэмрэ гъащIэмрэ, жыгымрэ гугъэмрэ, лIэныгъэмрэ псэ къабзагъэмрэ зэрызэIэпэгъур уегъэлъагъу, щхьэж и щхьэхуагъыр нэхъ кууху, я фIыр зэрылъэпкъыу зэрекIри дыщIигъужу.

Къалэм, зэрылэ е нэгъуэщI теплъэгъуэрэ гупсысэрэ зэщIэлъу къызэрагъэщI Iэмэпсымэ зыIыгъыр, хуейхуэмейми, и лъэпкъым и уэчыл мэхъу. А псалъэм и мыхьэнитIым хуэкIуэуи, зы лъэныкъуэкIэ ар лъэпкъым и къыщхьэщыжакIуэщ. Адрей лъэныкъуэмкIэ - и лIыкIуэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, лъэпкъыр къызэрацIыху дамыгъэщ. А лъэныкъуитIри сурэтыщI IэщIагъэкIэ къызэщIеубыдэф Теувэж.

КъалэмкIэ хузэфIэкIам и гугъу пщIымэ, дыщыуэнуи дызахуэнуи Iэмал къыдэзыт щапхъэ закъуэр ди хьэщIэм къытхуздихьа «Илъэс гущIэгъуншэ, 1918 гъэ» и романыщIэращ. УрысыбзэкIи бжьэдыгъубзэкIи тхылъ зыбжанэ зи Iэдакъэ къыщIэкIа Теувэж ар 2014 гъэм Мейкъуапэ урысыбзэкIэ къыщыдигъэкIащ.

Бзасэжь Заурбий зэрыжиIэмкIэ, Къат Теувэж «и Iэзагъыр лантIэу гъуазджэм къиIэпхъукIри литературэм Iэпхъуащ. Иджы ар тхылъеджэм и нэгу къыщIоувэ псалъэм и сурэтыщIу. Псалъэ мащIэкIэ и гупсысэ куухэр къеIуэтэф тхакIуэм, и Iэзагъми гъунэ имыIэу къыпщохъу, гъащIэшхуэ къызэринэкIам къыхиха IущыгъэхэмухегъаплЪэ. Гупсысэмрэ гурыщIэмрэ екIуу щызэзэгъ тхылъым (Бзасэжьыр зытепсэлъыхьыр «Анищым я къуэ» тхылъращ) ихуащ новеллэ 45-рэ. Тхылъым тыншу икIи зыщумыгъэнщIу укъоджэ».

Ди пащхьэ илъ тхылъыщIэри Теувэж къызытехъукIа къуэпсхэмкIэ кууэ зыхэпщIа Iуэхущ зытеухуар. ТхакIуэм зи гугъу ищIыр тхыдэдж куэд зытемыпсэлъыхьа, езыр зэрыщыгъуазэмкIэ, иджыри къэс литературэм къыщамыIэта «Плъыжьхэм зэрахьэ лей» («Красный террор») зыфIащыжа тхыдэ къудамэращ. ПыIэ щхьэрыгъыу цIыху къызыдамына адыгей къуажэ щэ ныкъуэрэ щым язщ Къат Теувэж къызыдэкIа Гъэбыкъуей (иджы Теувэжхьэблэ). Кавказ зауэм къигъэна лъэужьхэм революцэ плъыжьыр зэрырикIуэжа шырыкъу шынагъуэхэр къыщыгъэлъэгъуа романым укъэзыгъэуIэбжь щапхъэ гуих куэд хэтщ, дэтхэнэ зы адыгэми ищIэн хуейуэ, шэч хэмылъуи, дадэнанэхэм я жьэ къыжьэдэкIа фIэкIа, тхылъхэм щIэх иумылъэгъуэну.

Романыр Iыхьищу зэхэлъщ: тхыдэ Iыхьэ, «художественнэ» зыфIэпщ хъун литературэ Iыхьэ, тхакIуэм и гупсысэм къыхэтэджыкI, щIагъыбзэу щIилъхьэ нарт хъыбархэм ящыщ пычыгъуэхэр. Литературэ Iыхьэм тхакIуэм къыщигъэлъэгъуэну хэтщ революцэр къыхэмыIэбэ щIыкIэ адыгэхэмрэ къэзакъхэмрэ я дини, я хабзи зэблахыфу, Iэуэлъауэншэу зэрызэдэупсэуар. Абы и щапхъэу тхакIуэм къегъэлъагъуэ урыс пщащэрэ адыгэ щIалэрэ зэгуэкIуахэу унагъуэ зэдаухуэну зэрызагъэхьэзырыр, урыс попым деж щIэх-щIэхыурэ еблагъэ адыгэ ефэндым «щэл» ишхын имыдэми, бысымыр зримыгъэлъэIущэу «зы щэ» зэрыридзыхыр, урысхэмрэ адыгэхэмрэ зэхыхьэхэурэ щIыхьэху зэрырагъэкIуэкIыр, сытми, совет зэманым ятха бгырыс романхэм гъунэжу щыплъагъун щапхъэ гуп, цIыхугъэр лъэпкъми динми зэремылъытар къигъэлъагъуэу. Ауэ совет тхыдэ романхэм емыщхьу, иджы революцэр къэзакъхэми адыгэхэми зызыщадзей, ауэ яIэщIэкIыну Iэмал зыхуамыгъуэт Iуэху мыхьэнэншэущ зэрытлъагъур. ТхакIуэм ехьэкIкъехьэкI хэмылъу жеIэ «властыр къэзыхьыжа» цIыху псынщIэхэр гущIэгъуншэу, ефэрейуэ, нэпсейуэ зэрыщытхэр: «Чэфхэрэ укIытэ яхэмылъу, тепщэ къэунэхуагъащIэхэр дэни нэсхэрт - псори дыдейщ, зыми дыщышынэркъым, дэращ дунейм и щIэгъэкъуэныр» жыхуаIэу».

Романым и тхыдэ Iыхьэм и гугъу пщIымэ, урысыбзэ гурыIуэгъуэкIэ тха а пычыгъуэр тхакIуэм къехъулIауэ жыпIэ хъунущ, ар зытепсэлъыхь Iуэхухэр утыкум къызэрыщамыIэтам, а тхыдэ напэкIуэцIхэм дызэрыщымыгъуазэм укъыфIэкIмэ, нобэ хуэдэ махуэми бэракъыщIэ яIэщIэлъу утыку къилъадэхэр а жыг дыдэм къыгуэкIыкIа къуэпсу зэрыщытыр кърицIыхун папщIэ. Дэфтэрхэр къызэригъэсэбэпым нэмыщI, Къатым тхыдэм хэта цIыху цIэрыIуэхэри къыхегъэхьэ и романым. Абы ущрохьэлIэ Адыгей тхыдэм хэта Нэмитокъуэ Айтэч, хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ ТIрахъуэ Лу, революцэм пэщIэту Псыжьрэ Донрэ я Iэгъуэблагъэм щызэуа генерал цIэрыIуэ Корнилов Лавр. Дэфтэрыбзэр тхакIуэбзэкIэ ихъуэжурэ, тхакIуэм къэхъуам гунэсу щыгъуазэ уещI, ар зытепсэлъыхьыр уи къуажэмэ е уи лъэпкъмэ, гулъытэншэу ублэкIынкIэ Iэмал имыIэу.

Ауэ зытепсэлъыхьыр уимыкъуажэмэ, уимылъэпкъмэ, зэрытхари уимылъэпкъыбзэмэ, ди дэлъхушхуэр зыщIэлъэIуа пэжым и хьэтыркIэ, мыбы «тхыдэ роман» фIэпщыну гугъущ, Къат Теувэж романым папщIэ ищIа иллюстрацэхэр куэдкIэ нэхъ купщIафIэщ, гуми псэми нэмыс тхакIуэм и адыгэ урысыбзэм нэхърэ. Сыт и уасэ, псалъэм папщIэ, «Зэкъуэтыныгъэ» зи фIэщыгъэ сурэтым: фащэ зыщыгъ адыгэ гупым Iэ зэдаIэт, арщхьэкIэ а Iэхэр щхьэхуимыту зэраIэтыр я щхьэ зэдрахьэхахэм къегъэлъагъуэ, я зэкъуэтыныгъэр зэрызэкъуэтыныгъэ бзыщIар уи фIэщ ящIу. Апхуэдэ дыдэу IупщIщ Гъэбыкъуей къуажэм щыщу цIыхухъу щищым щIигъу щаукIа сыхьэтым и сурэтри: лIэныгъэм и пащхьэ щIакIуэ лъабжьэм щызэрыубыда гупым япкъхэр зырыз щIыжын хуейкъым, ахэр а зэрызэгуэтым хуэдэу «къуэш мащэм» щыщIалъхьэнухэщ.

ИтIани тхыдэ напэкIуэцIхэм дигу зэрыхагъэщIым хуэдэ дыдэу, гухэщIыгъуэщ лъэпкъым и щапхъэу тлъытэ хуэдэу, псалъэкIэ дгъафIэ, ди гущабагъыр къызэредгъэбл къуажэдэс гъащIэр адыгэ урысыбзэм зэригъэпудым гу зэрылъыдмытэр. ТхакIуэм и пщIэр едгъэхуэхын муради, щIедгъэгъуэжын Iуэхуи зетхуэркъым, Тхьэм адэкIи литературэ губгъуэм щиузэщI. ТхакIуэ нэсыр щIэтхэр и псэм и къабзапIэр зыIэщIимыгъэкIын папщIэщи, Къат Теувэж а плъапIэр думылъагъуу щыткъым. Тхыгъэр зэрыурысыбзэми, дэ абы адыгэбзэкIэ дызэрытепсэлъыхьми Iэмалышхуэ къыдиткъым критикэм зедгъэубгъуну. Ауэ уи гум къыщIитхъыпэу къыдэпшейми, дызытепсэлъыхь романым и литературэ уасэр къызэрупщытэнур щIалэжь гуэрым шэрыуэу зэриусауэ: «Дыурысынути, урысыбзэ тхуримыкъу, дгъэкъуэншэнури дымыщIэ» псалъэхэмкIэщ.

Гухэхъуэщ уи лъэпкъым теухуа тхыгъэ сыт хуэдэбзэкIи укъеджэну. Ауэ роман къебгъэжьэу къуажэдэсхэм уащытетхыхькIэ, Фолкнери Гарсиа Маркеси зэрыщыIэр зыщыбгъэгъупщэ зэрымыхъунум хуэдэу, офицер «хужьхэм» Булгаков Михаил, мыхъужыххэмэ, - Толстой Алексей; Кавказым ущыщмэ, - Чхеидзе Константин сымэ я тхылъхэр уигу къамыгъэкIыжыпIэ иIэкъым. «О куп, о чыл!» жыпIэу урысыбзэкIэ птхы нэхърэ, «Уа гуп, уа жылэ!» жыпIэу адыгэбзэкIэ птхыну куэдкIэ нэхъ тыншщ, зыжепIэми нэхъ къыгурыIуэнущ, уи лъэпкъым уепэгэкIыуи зыми гурыщхъуэ къыпхуищIынукъым.

Адыгэ литературэм дытемыпсэлъыхьу зэрызедгъэужьын Iэмал зэрыдмыгъуэтым къыхэкIыу, адыгэбзэкIэ дунейм къытехьа тхылъхэм къадэкIуэу, Iэмалыншэу дытепсэлъыхьын хуей мэхъу «урысыбзэм нэхъ хуэшэрыуэ адыгэхэм» я IэдакъэщIэкIхэм. Ауэ дызытепсэлъыхьыр зыхыхьэр адыгэ литературэ хьэмэрэ урыс литературэ? Захуэу къытфIощI «УрысыбзэкIэ семыджэнкIэ Iэмал имыIэмэ, сыт Достоевскэр згъуэту Налшык дэс Мухьэмэд итхам сыщIеджэнур?» жызыIар. «Урыс тхакIуэшхуэхэм улъэщIыхьэнукъым, адыгэбзэкIэ тхэ», - зэпIуэкIхэм «Сэ абыхэм запысшэркъым, сэ мыбдеж, ди адыгэ хьэблэращ сыщыурыс тхакIуэр», - къуаIуэкIыж. Ауэ тхылъеджэм апхуэдэ зэхэдз ищIыркъым, абы зимыгъэпсэхуу бзэуэ ищIэмкIэ езым и сурэт, и гупсысэ, и гум хуэкIуэ гъуэгу къелъыхъуэ; и псынэпс къабзэр къыщIэзыгъэщыжын, зыкъигъэпцIэжын хьэлыр IэпыщIэзыудын гурыщIэм ещакIуэущ абы тхылъ къызэрищтэр. ДызыхуэмэжалIэр Пикассо къыдэзымыгъэплъын, Кобуладзе зылъэщIэмыхьэн Къат Теувэж и сурэтхэм хуэдэу гъуджэ тхуэхъун тхэкIэщ, нэгъуэщIкъым.

Дыхуей-дыхуэмейми, урысыбзэкIэ тхар - урыс литературэщ, балъкъэрыбзэкIэ тхар - балъкъэр литературэщ, абы ипкъ иткIэ адыгэбзэкIэ тхам и закъуэщ адыгэ литературэ зыфIэпщыфынур. Урысейр зи хэку урыс адыги, урыс шэшэни, урыс журти щыIэщ. Ауэ журтхэм Мандельштам зэралъэпкъэгъум щхьэкIэ загъэщIагъуэми, ар зэралъытэр урыс усакIуэущ, и усэхэр зэритхар урысыбзэщи. Къат Теувэж бжьэдыгъубзэкIэ зэрытхэми къегъэлъагъуэ дызытепсэлъыхь Iуэхур фIыуэ къызэрыгурыIуэр. ТхакIуэм и псалъэхэри щыхьэт тохъуэ абы: «Дэ сыт хуэдизу урысыбзэ IэзэкIэ дымытхэми, къызэднэкIыр урыс псалъэкIэ къэIуэта адыгэбзэщ».

Мы хъущIэ-щатэм Къат Теувэж щхьэусыгъуэ хуэхъуа къудейщ, ар абы и закъуэкъым зытеухуар. Псалъэмакъ щхьэхуэ, уеблэмэ псалъэмакъышхуэ хуэфащэ къыщIэкIынщ зэманми политикэми химыгъэзыхьыж ди усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ урысыбзэ нэхъыфIу ящIэу къафIэзыгъэщI щхьэусыгъуэхэм. ЗэкIэ тлъагъур урыс тхакIуэшхуэ Тургенев Иван «Урысыбзэ» усэм къыщихь гупсысэращ: «ШэчкIэ гъэнщIа махуэхэм си хэкум къыхуиухахэм сыщагъэдзыхэкIэ, уэ зыращ сэ дэIэпыкъуэгъууи щIэгъэкъуэнуи сиIэр - телъыджэу, лъэщу, пэжу икIи щхьэхуиту къигъэщIа урысыбзэ!» Ауэ Тургеневым бзэм и хьэтыркIэ и лъэпкъыр къищтэжмэ, дэ ди лъэпкъым и хьэтырыр хыдолъхьэ бзэр къызэрыдмыщтэжымкIэ, абы «и фIыгъэкIэ» ди Тургеневхэми, ди Мандельштамхэми, ди Фолкнерхэми, Маркесхэми дахокIыж.

Зи къалэмыр зыхуэмахуэн Къат Теувэжи адрей адыгэ тхакIуэхэми усакIуэхэми дяпэкIэ дызэрагъэгуфIэну я IэдакъэщIэкIхэм дызэрыщIэхъуэпсыр я фIэщ тхуэщIын хуэдэу, деджэ пэтми дызэхэзымых ди газетеджэхэм я макъ е я хьэрф къытлъэIэсыну ди гуапэт дызытепсэлъыхь Iуэхухэм теухуауэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**



Къат Теувэж, и егъэджакIуэ Кобуладзе Сергей и сурэтым деж щысу. *1991 гъэ*










**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

**Езыгъэтхахэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинын и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(2, 3-нэ нап.),* Щоджэн Иннэ *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 3.167 • Заказ №131